

MIZAJOU SOU ENSKRIPSYON LIB POU AVANTAJ ANE 2025 LAN

Enskripsyon Lib:

**28 oktòb –
8 novanm 2024**

Avantaj ou yo se yon pati enpòtan nan pake rekonpans total Bentley ou a. Nou fyè dèske nou founi yon seri opsyon pwogram pou n garanti ke ou gen kouvèti ki reponn avèk bezwen endividyèl ou yo.

Enskripsyon Lib, k ap fèt soti **28 oktòb rive 8 novanm 2024** la, se yon opòtinite yon fwa nan ane a pou ou revize avantaj ou yo epi fè chanjman, sèl si ou viv yon eksperyans ki kalifye ou. Li enpòtan pou pran tan pou fè pi bon chwa pou tèt ou, fanmi ou ak bidjè ou. **Kontinye li pou aprann plis sou nouvo òf nou yo ak chanjman ki fèt nan òf ki egziste deja yo.**

Aji Pote Fwi

Pandan Enskripsyon Lib ane sa a, li enpòtan pou pran desizyon ki baze sou enfòmasyon, yon fason pou pa pèdi nan avantaj etèren yo epi pou konnen kijan pou jere kou yo.

YOUR BENEFITS
your choice

Gen Plis Enfòmasyon ak Sipò ki Disponib

Anplis mizajou sou Enskripsyon Lib pou Avantaj Ane 2025 yo ki ba ou yon apèsi sou amelyorasyon ak chanjman ki fèt nan avantaj ane 2025 yo, ou gen aksè ak [Gid sou Avantaj pou Ane 2025](#) lan ki gen plis detay ak montan kontribisyon mansyèl yo.

Nou pral kontinye pataje enfòmasyon enpòtan sou [paj entènèt Enskripsyon Lib](#) la, epi ou ka pran yon randevou nan “lè biwo” avèk yon manm ekip Avantaj la.

Kisa Ki P ap Chanje?

- To ak kouvèti pou Swen Dantè
- To ak kouvèti pou Swen Vizyon
- To ak kouvèti asirans vi ak avantaj volontè

Kisa K ap Rive Si Ou Pa Fè Anyen?

Swen Medikal, Swen Dantè ak Swen Vizyon	Chwa ou yo ap rete menm
Asirans Vi ak Andikap	Chwa ou yo ap rete menm
Kont Depans Fleksib (Flexible Spending Account, FSA)	Ou pa p patisipe ladan
Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA)	Ou pa p patisipe ladan
Avantaj Volontè	Chwa ou yo ap rete menm

Kisa K ap Chanje?

To Kontribisyon Plan Medikal

Bentley angaje l pou li founi kouvèti medikal meye kalite pandan l ap minimize ogmantasyon pri swen sante pou anplwaye yo. Bentley pral kontinye peye majorite depans pou plan medikal anplwaye yo e li pral ogmante kontribisyon li nan kouvèti w la a 5% ane k ap vini an.

Prim asirans sante anplwaye yo pral ogmante tou a 5% an 2025. Kantite lajan egzak la pral depann de ki plan sante ou chwazi, men ogmantasyon mwayèn nan pral anviwon \$13 pou chak anplwaye, chak mwa. Tout lòt kouvèti plan medikal yo p ap chanje. Gade opsyon ou yo byen pou asire w ke ou chwazi plan medikal ki pi bon pou bezwen ou yo ak bidjè ou a.

Ogmantasyon To Kontribisyon Mansyèl* Plan Medikal pou Ane 2025 pou Pwofesè ak Anplwaye Aplentan

Plan	HDHP ki genyen HSA	Best Buy HMO	HMO
Anplwaye	\$2.44	\$5.42	\$14.82
Anplwaye + Timoun	\$5.40	\$11.94	\$32.60
Anplwaye + Mari/Madanm oswa Patnè Domestik	\$6.98	\$15.46	\$42.24
Anplwaye + Fanmi	\$7.36	\$16.28	\$44.46

* Pou kalkile **ogmantasyon** to kontribisyon chak de (2) semèn yo pou ane 2025 la, divize montan an dola ki nan tablo pi wo a pa 2.

Bentley MyBenefitsApp

Gen aksè avèk avantaj Bentley ou yo pou ane 2025 la nenpòt lè, nenpòt kote avèk nouvo aplikasyon MyBenefitsApp! Kounyea, ou kapab jwenn detay sou plan, fòmilè yo, kat idantifikasyon yo ak anpil lòt bagay lè ou an depasman. Epi tou, ou kapab rete okouran epi konnen kisa ki kouvri nan kad plan espesifik ou yo epi chèche sèvis oswa enfòmasyon kontak.

Pi bon toujou, pa gen anyen pou telechaje oswa enstale. Jis eskane kòd QR la pou gen aksè ak MyBenefitsApp apati telefòn entelijan ou a pou aprann plis sou avantaj ou yo pou 2025.



Ajoute yon ikòn sou telefòn entelijan ou a pou yon aksè rapid

iPhone



Tape sou ikòn Share (Pataje) sou ba meni anba nan Safari a



Tape sou ikòn Add to home screen (Ajoute nan ekran dakèy la)

Android



Tape ikòn sa a sou ba meni anwo a

Seleksyone: Add to Home Screen (Ajoute nan ekran dakèy la)

Windows Phone



Tape sou ikòn Share (Pataje) sou ba meni anba nan Safari a

Seleksyone: Pin to Start (Epengle pou kòmanse)

Sèvis Defans Medicare

Apati 2025, nouvo pwogram Sèvis Kalifikasyon Brown & Brown sa a gratis pou tout anplwaye ak manm fanmi Bentley yo ki prèske elijib oswa ki elijib deja pou Medicare. Ou kapab jwenn direktiv pèsonalize nan men defansè Medicare yo pou konprann kijan Medicare fonksyone, evalye opsyon kouvèti sante ki disponib yo, epi santi ou gen konfyans nan chwa ou yo.

Ou kapab kontakte Sèvis Kalifikasyon Brown & Brown nan 833-830-2386 oswa pa imèl nan medicareeligibility@bbabsence.com.

Diabetes Care Rewards

Pwogram Diabetes Care Rewards la ke Abacus Health Solutions founi an pral ranplase Pwogram Jesyon Dyabèt OptumRx® la (ak nenpòt manm ki nan Livongo toujou) apati 1ye janvyè 2025.

Pwogram Diabetes Care Rewards la gratis pou nenpòt anplwaye ki enskri nan yon plan medikal Bentley ki gen nenpòt tip dyabèt (sa gen ladan pre-dyabèt). Pwogram lan bay sipò pandan tout ane a, tankou konsèy ak sèvis jesyon swen pou gide ou nan pakou sante ou, pou ede ou amelyore sante ou epi diminye risk pou gen maladi kè ak estwok.

Ou kapab genyen tou \$0 kòm kopeman sou medikaman ak materyèl ki kouvri pou dyabèt (apati avantaj famasi ou genyen deja a), lè ou travay avèk yon Edikatè pou Dyabèt pou kreye pwòp Gid Swen pèsònèl Diabetes Health Action Plan® ou a. Apresa, annik travay avèk doktè ou a pou swiv Plan Daksyon w lan epi bay dokimantasyon an pou genyen \$0 kopeman ou yo!

Kouvèti Siplemanntè pou Andikap Alontèm

Apati 1ye janvyè 2025, plan siplemanntè Andikap Alontèm (Long-Term Disability, LTD) yo bay anplwaye ki kalifye yo pral soti nan The Standard pou ale nan Lincoln Financial Group. Bentley ap bay anplwaye yo kouvèti adisyonèl pou Andikap Alontèm ki reprezante 60% nan salè anyèl debaz ki pi wo pase \$200,000, avèk yon avantaj masyèl minimòm \$500 jiska yon avantaj masyèl maksimòm \$10,000. Plan LTD sa a vini anplis kouvèti debaz Bentley bay anplwaye atanplèn li yo otomatikman atravè Lincoln Financial Group, yon fason pou tranzisyon an fè toude plan yo vin anba yon sèl chapo ki pratik pandan se menm nivo kouvèti a y ap bay.

W ap Chèche Plis Enfòmasyon?

Ale sou [paj entènèt Enskripsyon Lib](#) la pou jwenn plis detay sou avantaj enskripsyon yo—tankou kalifikasyon pou plan, detay adisyonèl sou plan, ak avi anyèl obligatwa—ansanm avèk yon opòtinite pou enskri pou lè biwo.





403(b) Limit Kontribisyon pou 2024*

Limit yo se \$23,000 an 2024. Si ou gen plis pase laj 50 lane, ou kapab kontribye \$7,500 anplis pou yon maksimòm \$30,500.

Apati 2025, limit kontribisyon ratrapaj yo pral pi wo pou patisipan ki gen ant 60 ak 63 lane. Siveye lòt enfòmasyon yo pral bay byento yo.

* Montan sa a reprezante limit kontribisyon ane 2024 la. Jiska dat piblikasyon bilten sa a, yo poko divilge limit IRS pou 2025 yo, montan sa yo gendwa chanje pou 2025.

Ou Dwe Enskri nan HSA* ak FSA Chak Ane pou Gen Kouvèti pou Ane Annapre a

Limit kontribisyon anyèl HSA pou ane 2025	■ Maksimòm pou yon moun: \$4,300 (\$5,300 pou laj 55 lane ak plis) ■ Maksimòm pou fanmi: \$8,550 (\$9,550 pou laj 55 lane ak plis) Montan maksimòm ki pi wo yo gen ladan kontribisyon Bentley a, ki pa pral chanje pou 2025. Si aktyèlman w ap kontribye nan HSA a, Bentley pral kontinye bay dola-pou-dola pou chak \$1 ou ekonomize atravè kontribisyon salè ou jiska \$500 pou endividi ak \$1,000 pou fanmi. Pou nouvo moun ki enskri nan HSA a, Bentley pral depoze otomatikman \$250 pou moun yo ak \$500 pou fanmi sou kont ou 1ye janvyè, apresa li pral bay dola-pou-dola pou chak \$1 ou ekonomize atravè kontribisyon salè ou jiska \$500 adisyonèl pou endividi epi \$1,000 adisyonèl pou fanmi.
Limit kontribisyon anyèl FSA pou ane 2025	Maksimòm lan se \$3,300
FSA pou Swen Depandan (Dependant Care)	Maksimòm lan se \$5,000 (\$2,500 si ou marye epi ou soumèt separeman)

* Ou sèlman kalifye pou kontribisyon nan HSA a si ou enskri nan Plan Sante Franchiz Elve (High Deductible Health Plan, HDHP) an.

ENSKRIPSYON LIB LA AP RIVE: 28 OKTÒB – 8 NOVANM 2024

Lis Verifikasyon Enskripsyon Lib

Ou Pare?

- ☐ Regade Gid Avantaj pou 2025 ou a, ki disponib tou sou paj entènèt Enskripsyon Lib nou a.
- ☐ Enskri pou lè biwo yo pou asire w ke ou kapab gen aksè avèk resous ou bezwen yo.

Revize.

- ☐ Revize kouvèti swen medikal, dantè ak/oswa vizyon ou a epi deside sou chanjman yo selon bezwen ou pral genyen yo.
- ☐ Reflechi sou montan ou ta renmen kontribye nan HSA ki se yon avantaj pou taks, si ou enskri nan Plan Sante Franchiz Elve (HDHP) a avèk HSA.
Sonje, ou pral resevwa yon kontribisyon dola-pou-dola Bentley pou tout kontribisyon HSA ou fè atravè dediksyon sou salè (jiska sèten limit).
- ☐ Reflechi sou avantaj volontè ou yo.
- ☐ Fè estimasyon depans ki soti nan pòch ou si ou vle kontribye a yon FSA Swen Sante oswa Swen Depandan.
- ☐ Mete asirans vi ak deziyasyon benefisyè 403(b) ou yo ajou sou sit Workday ak Fidelity yo.
Reflechi sou yon ogmantasyon kontribisyon repò 403(b) (jiska nouvo limit IRS yo), epi ale sou pòtay Fidelity sou entènèt la sou <https://nb.fidelity.com/public/nb/bentley/home>.

Enskri!

- ☐ Konekte sou Workday ant 28 oktòb ak 8 novanm pou fè chwa ou yo.



Pou jwenn enfòmasyon sa a nan lang Anglè, Panyòl, Pòtigè, Fransè oswa Mawoken/Arab, ale sou <https://flimp.live/Bentley-Benefits-Translations> oswa eskane Kòd QR la.